

Kesyonè sou Efikasite Lekòl – Ane Lekòl 2019 Sondaj pou Elèv(SEQ).

Byenveni epi MÈSI poutèt w ap patisipe nan sondaj sa a.

Objektif nou se pou nou rann lekòl pi anrichisan e valab posib! Repons ou enpòtan! Nou bezwen èd ou pou nou fè yon pibon travay kote nou rete angaje nan amelyorasyon kontinyèl lekòl yo pou meye rezilta aprantisaj elèv lekòl ou a kapab bay.

Pou chak atik nan sondaj la, chwazi repons ki dekri opinyon w pi byen.

Esplikasyon sou fason pou make repons ou yo:

- Fè mak ou yo fonsse pou repons kesyon an nèt.
- Byen sfase klè nenpòt chanjman ou swete fè.
- Pa kite mak sou fòm sa a.

To take this survey online, go to: student2019seq.questionpro.com

Mwen pa dakò ditou

Mwen plizoumwenn pa dakò

Mwen pa dakò

Mwen dakò

Mwen plizoumwenn dakò


Mwen dakò anpil

Mwen pa konnen


Separe li la

1. Mwen santi mwen an sekirite lekòl la.
2. Mwen kontan mwen nan lekòl sa a.
3. Mwen santi m fè pati lekòl la.
4. Mwen santi yo aksepte mwen sosyalman.
5. Lekòl enpòtan pou mwen.
6. Yo trete mwen byen nan lekòl la.
7. Adilt k ap travay nan lekòl la rekonpanse elèv pou konpòtman pozitif yo.
8. Adilt k ap travay nan lekòl la ede elèv devlope estrateji ki ankouraje pibon konpòtman.
9. Yo aplike règleman lekòl yo menmjan pou tout elèv.
10. Si mwen bezwen, mwen kapab pale avèk omwen yon adilt konsènan pwoblèm pèsònèl mwen.
11. Genyen omwen yon adilt nan lekòl la ki rekonèt mwen byen.
12. Adilt nan lekòl la trete elèv yo avèk respè.
13. Mwen kapab jwenn èd pou fè devwa si m bezwen.
14. Yo ankouraje elèv yo travay ansanm epi ede youn lòt.
15. Elèv yo genyen respè youn pou lòt nan lekòl la.
16. Yo rezoud pwoblèm elèv ki gen konpòtman danjere rapidman nan lekòl sa a.
17. Pwofesè mwen yo ban mwen konsèy ki ede m amelyore etid mwen.
18. Pwofesè mwen yo genyen yon sistèm ki pèmèt mwen fè devwa ratrapaj apre yon absans.
19. Pwofesè mwen yo te anseye mwen divès estrateji ki te ede mwen aprann.
20. Pwofesè mwen yo ankouraje mwen defini objektif akademik.
21. Yo raple m objektif akademik mwen regilyèman.
22. Mwen santi m satisfè avèk travay pwofesè te fè avèk elèv yo nan lekòl la.
23. Mwen santi lekòl la pwòp.
24. Elèv nan lekòl la chèche rezoud dezagreman avèk lòt elèv.

(continued on back)



25. Pwofesè mwen yo banm devwa ki mande pou mwen defann pwendvi oswa ide mwen.
26. Pwofesè mwen yo konnekte sa n ap aprann nan ak lavi andeyò salklas la.
27. Souvan pwofesè mwen yo mande elèv yo pou yo eksprime panse yo.
28. Pwofesè mwen yo bay devwa nan klas ki egzijan akademikman.
29. Pwofesè mwen yo bay devwa ki mande itilizasyon teknoloji.
30. Mwen santi elèv ras oswa orijin etnik diferan antann yo byen.
31. Nan lekòl sa a, yo trete tout elèv menm jan, san yo pa gade sou ras oswa orijin etnik.
32. Lekòl la ofri materyèl didaktik (tankou, liv tèks, feyè) ki refilete orijin sosyal mwen.
33. Pwofesè mwen yo valorize orijin kiltirèl mwen.
34. Pwofesè mwen yo itilize materyèl nan salklas la ki refilete pèspektiv miltikiltirèl.
35. Paran mwen vini nan konferans yo pwograme nan lekòl la.
36. Fanmi mwen sipòte mwen nan aktivite eskolè mwen.
37. Fanmi mwen ankouraje mwen patisipe nan klib, gwoup, oswa aktivite annekup.
38. Ane sa a te yon ane difisil pou mwen oswa pou fanmi mwen ki te afekte mwen nan lekòl.
39. Yo annuiye oswa anbete elèv souvan nan lekòl sa a.
40. Yo menase oswa entimide elèv souvan nan lekòl sa a.
41. Mwen te genyen pwoblèm ak lòt elèv pandan m ap vini lekòl oswa prale lakay mwen.
42. Yo anbete oswa annuiye elèv lekòl sa a atravè medya sosyal.



Kesyon 43-49 se pou elèv segondè nan Klas 6yèm-Klas 12yèm sèlman.

43. Mwen genyen konvèsasyon ak fanmi mwen konsènan ale nan kolèj.
44. Paran mwen espere m ap kontinye edikasyon mwen apre lekòl segondè.
45. Mwen vle kontinye edikasyon mwen apre lekòl segondè.
46. Mwen konnen kisa mwen bezwen pou m satisfè kondisyon pou antre nan kolèj.
47. Lekòl la mete anfas sou preparasyon pou kolèj oswa edikasyon vokasyonèl.
48. Mwen enterese nan tande lòt moun pale sou lavi yo nan kolèj ak etid yo.
49. Mwen genyen opòtinite pou m patisipe nan pwogram etid avanse.

